



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 33 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL
POU RANFÒSE SEKIRITE POU ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF YO K AP FÈ
FAS AK GWO RISK TEWORIS**

***Finansman an pral ede òganizasyon san bi likratif yo ranfòse sekirite etablisman
ak preparasyon an jeneral***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse plis pase 33 milyon dola nan finansman federal pou sipòte efò 198 òganizasyon san bi likratif k ap fè fas a yon ogmantasyon nan risk teworis yo. Fon sa yo ap pèmèt òganizasyon san bi likratif yo ranfòse sekirite enstalasyon yo epitou amelyore preparasyon jeneral yo. Finansman sa a, ki te founi pa Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) atravè Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif (Nonprofit Security Grant Program), k ap atribiye bay New York atravè de prim separe. Òganizasyon yo nan Zòn Metwo Vil New York la ap resevwa 27 milyon dola epi òganizasyon yo nan tout rès Eta a ap resevwa 6.4 milyon dola. Sibvansyon FEMA yo konplete 25 milyon dola sipleman tèt a nan finansman eta a [ke Gouvènè Hochul te anonse dènyeman](#) pou òganizasyon ki san bi likratif yo pou ranfòse sekirite ak amelyore preparasyon yo kont krim rayisans ak atak ki gen rapò.

"Krim rayisans yo kontinye toumante kominote ki san bi likratif yo epi fon sa yo ap ede òganizasyon yo ranfòse sekirite yo kont moun ak gwoup ki gen difikilte pou aksepte reyalite ke divèsite nou se sa ki fè Eta New York pi solid", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sila yo ki fè krim rayisans p ap janm genyen epi yo p ap divize nou. New York se eta ki pi divèsifye ki genyen nan nasyon an, youn nan pi bon karakteristik nou, epi nou dwe kontinye ede òganizasyon sa yo pwoteje tèt yo pou yo kapab pwospere ak kontinye sèvi kominote yo".

Nan tout peyi a, yo ap founi yon total de 180 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif yo nan Ane Fiskal 2021 an. Nan kantite lajan sa a, yo te rann 90 milyon dola disponib nan finansman pou òganizasyon san bi likratif ki sitiye nan youn nan Inisyativ Sekirite Zòn Iben (Urban Areas Security Initiative, UASI) ki deziyen zòn iben ki gen gwo risk. Yo te rezève rès 90 milyon dola pou jiridiksyon ki an deyò zòn UASI deziyen yo.

Depans admisib yo enkli:

- Planifikasyon, sa gen ladan plan jesyon risk sekirite, kontinuite plan operasyon ak plan entèvansyon
- Ekipman tankou ekipman amelyorasyon sekirite fizik ak sistèm enspeksyon ak depistaj
- Fòmasyon, sa gen ladan fòmasyon aktif pou tirè, fòmasyon sekirite pou anplwaye, manm yo oswa yonkongregasyon
- Egzèsis repons yo
- Pèsonèl Sekirite sou Kontra a

Nan New York, zòn iben ki gen gwo risk UASI deziyen nan eta a se Zòn Metwo Vil New York la. Espesyalman, sa gen ladan Vil New York, ak konte Westchester, Nassau ak Suffolk. An 2021, New York mennen nasyon an nan alafwa finansman total ak kantite prim nan yon zòn ki deziyen pa UASI. Yon total 182 prim UASI te bay ak 158 òganizasyon san bi likratif separe, pou yon total 27 milyon dola.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) nan Eta New York jere pwogram sa yo nan kolaborasyon etwat avèk entèvenan lokal yo. Yon total 230 prim te bay ak 198 òganizasyon piske gen kèk òganizasyon ki fonksyone sou plizyè sit.

Finansman federal sa a pral ranfòse efò kontinyèl ke Gouvènè Hochul mennen pou asire lekòl ki pa piblik ak sant kiltirèl yo, ki gen ladan enstitisyon ki baze sou relijyon yo, gen resous yo bezwen pou pwoteje yo kont menas krim rayisman.

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Nan Kongrè a, mwen te fyè pou m defann Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif yo ak ede ogmante finansman pou inisyativ vital sa a. Jan mwen te di sa, nou pa dwe janm rekile devan sekirite. Li dwe toujou se priyorite prensipal la epi fon enpòtan sa yo pral kontribiye anpil nan ranfòse sekirite enstalasyon òganizasyon san bi likratif yo. Mwen pa ka tann pou kontinye batay pou plis finansman toujou".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Nan 285 jou ki pase yo depi 6 janvyè, nou te aprann nou pa ka pran anyen kòm yon bagay garanti - espesyalman lè sa gen pou wè ak sekirite enstitisyon ki pi enpòtan nou yo. N ap viv nan yon nouvo monn epi kominote nou yo ap fè fas ak menas yo pa te janm wè anvan ki soti kote agresè ki vle mete dezòd ak deranje estrikti katye nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons sa jodi a pou distribiyon finansman vital sa a pou asire òganizasyon san bi likratif nou yo gen resous yo bezwen pou ranfòse sekirite enstalasyon yo pou yo kapab prepare, reyaji ak rekonstwi apre nenpòt kriz epi pou kenbe kominote nou yo an sekirite".

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York la](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, epi retabli apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas yo, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [DHSES Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)